



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRESKE 10-POUSAN OGMANTASYON NAN PREZANS PARK ETA PANDAN ETE A AK NAN SIT KAN YO

Sistèm Park la akeyi 38.6 Milyon vizitè pandan sezon ete ki frekante anpil la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke park eta, sit istorik ak teren kan yo te akeyi yon lòt sezon ki gen siksè, avèk preske 38.6 milyon vizitè ke yo estime pou wikenn Jou Memoryal la jiska Jou Travay 2015 lan. Sistèm park eta te obsève yon ogmantasyon 9.6-pousan nan prezans pandan menm peryòd ete 2014 la.

“Apati lapèch a randone pou rive a monte bisiklèt Park Eta New York yo ofri yon vas opòtinite ekstraòdinè ke plis ak plis vizitè ap vini dekouvri,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen ankouraje Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo pou make fen ete a, oswa demare otòn avèk yon vwayaj nan youn nan Park Eta New York epi eksperimente kèk nan bote natirèl ki repoze sou chak kwen nan eta sa a.”

“Wikenn Jou Travay la te kouwonnen yon sezon ete sipèb nan New York nan sit ak park istorik nou yo,” te deklare Rose Harvey, Komisyone Biwo Parks, Recreation ak Historic Preservation. “Prezans nan State Park yo te toujou ap ogmante pandan dènye katran ki sot pase yo, montre gwo efò Gouvènè Cuomo pou amelyore epi ankouraje Park Eta New York yo.”

Yo estime ke genyen plis pase 38.6 milyon vizitè ki te pran avantaj sou etablisman Park Eta yo jere apati wikenn Jou Memoryal la jiska Jou Travay 2015 lan, parapò a 35.2 milyon vizitè ke yo te estime pandan wikenn Jou Memoryal la jiska Jou Travay la nan 2014. Sezon ete a te fini avèk yon gwo wikenn jou travay, avèk yon estimasyon 2.2 millyon vizitè pou peryòd twa jou a, jiska apati 2 milyon vizitè ke yo te estime pandan wikenn Jou Travay la nan 2014.

Prezans nan park la te stimile pa yon varyete faktè, enkli retou fedatifis nan Jones Beach State Park apre senkan absans; ekspozisyon nasyonal pou Letchworth ak Watkins Glen State Parks, sa ki te klase kòm premye ak twazyèm pi bon park eta nan peyi a dapre USA Today; amelyorasyon nan nouvo Buffalo Harbor State Park ki fenk renove sou bò lamè vil la; kondisyon meteyolojik favorab pandan ete a ak nan fen sezon an.

Chif prezans pandan ete a souliye angajman Gouvènè Cuomo pou amelyore park eta yo, elaji aksè a rekreyasyon anplennè, ak pwomote vas touris eta ak atraksyon rekreyasyonèl.

Sou administrasyon Gouvènè Cuomo, Eta New York ap fè yon angajman istorik pou amelyore ak elaji aksè a aktivite anplennè. Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a se yon angajman plizyè ane \$900 milyon nan finansman prive ak piblik pou State Parks de 2011 a 2020. Bidjè Egzekitif 2015-16 Gouvènè a mete \$110 milyon nan inisyativ sa a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418